



Glosè Referans Rapid nan Langaj ki Fasil pou Konprann

POU ENSKRI NAN SWEN SANTE

Èske w ap travay pou enskri kliyan nan Pwogram VIH/SIDA Ryan White (RWHAP) la nan nouvo opsyon pwoteksyon sante? Sèvis ak glosè sa a pou:

1. Esplike ekspresyon ak fraz ki konplike.
2. Ranfòse konpreshansyon kliyan an pou l konprann pi byen ekspresyon teknik yo itilize pandan pwoesisis enskripsyon an.

A

Adezyon

Chwazi patisipe nan yon bagay. Pa egzanp, yon moun gendwa chwazi patisipe (adere) nan plan asirans sante konpayi kote l ap travay la.

Admisib nan De (2) Pwogram

Lè w kalife pou de (2) kalite pwoteksyon sante diferan an menm tan. Yo itilize fòm sa yo souvan lè yon moun admisib pou Medicare ak Medicaid an menm tan.

Ajan/Kourtye

Yon moun ki kapab ede w aplike epi enskri nan yon Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plan, QHP) nan Marketplace. Li kapab konseye w ki plan ou ta dwe enskri ladann. Li gen lisans epi Eta a mete règ li dwe swiv epi jeneralman se yon konpayi asirans k ap peye li pou l kapab enskri w nan plan konpayi a. Sèten ajan/kourtye gendwa sèlman kapab vann plan sèten konpayi espesifik. (Al gade nan Plan Sante Kalifye)

Andedan Rezo

Doktè, klinik, sant sante ak lopital yo kote yon plan asirans garanti sèvis yo. Li enpòtan pou jwenn sèvis sante nan men doktè, klinik, sant sante ak lopital ki nan rezo plan sante w lan, lè sa posib, pou depans ou yo pa twò wo. (Al gade nan Andeyò Rezo)

Andeyò Rezo

Doktè, klinik, sant sante ak lopital yo kote sèvis yo gendwa koute plis swa plan sante w gendwa pa garanti yo ditou. (Al gade Sèvis Andedan Rezo)

Andikap

Yon pwoblèm fizik oswa mantal ki limite anpil youn oswa plizyè aktivite ki enpòtan pou lavi. Aktivite lavi ki enpòtan yose: okipe tèt ou, fè aktivite manyèl, wè, tandem, manje, dòmi, mache, kanpe, leve bagay, plwaye, pale, respire, aprann, li, konsantre, reflechi, komunikike ak travay.

Ann atant

Tann pou yon bagay (souvan yon desizyon oswa yon apwobasyon).

Anplwaye

Yon moun ki travay pou yon lòt moun oswa yon lòt òganizasyon epi yo peye pou travay li.

Anplwayè

Moun oswa òganizasyon an yon moun ap travay pou li a. Yon moun ki travay pou yon biznis ki pou li, moun sa a 'travayè endependan'. (Al gade Travayè Endependan)

Asirans Sante

Yon akò ou pase ak yon konpayi asirans prive pou ede peye pou swen medikal, tankou vizit kay doktè ak medikaman. Konpayi asirans lan peye pou yon gwo pòsyon nan depans sante w yo paske ou te fè peman regilyèman (prim yo) bay konpayi asirans la. Yon lòt moun, tankou ADAP, gendwa fè peman sa yo nan plas ou. (Al gade nan Prim)

Asirans Sante Prive

Pwoteksyon sante ou wenn nan yon travay oubyen ou achte nan yon konpayi asirans sante prive.

Asistan Fas-a-fas (In-Person Assister, IPA)

Yon moun ki fòme pou ede w chèche opsyon asirans sante nan Marketplace. Li kapab ede w konprann poukisa ou kalifye, konpare plan sante epi ranpli fòm aplikasyon yo. Asistan fas-a-fas yo kapab bay enfòmasyon men yo pa kapab di w ki plan sante pou w chwazi. Èd yo gratis.

Asistans

Èd

Asistans Finansyè/Èd Finansyè

Ede peye pou pri asirans la. Ou gendwa kapab jwenn èd pou peye prim yo oswa pou depans ou dwe peye oumenm yo. (Al gade nan Prim, Kredi Taks pou Prim, Depans Ou Dwwe Peye Oumenm).

Avantaj Sante Esansyèl (Essential Health Benefits, EHB)

10 tip sèvis sante plan asirans sante dwe garanti koumanse nan lane 2014, ki gen ladann:

1. Sèvis pou pasyan anbilatwa (swe ou resevwa san ou pa dòmi lopital)
2. Sèvis ijans
3. Ospitalizasyon
4. Swen Matènité ak pou tibebe ki fenk fèt
5. Sèvis sante mantal ak pou moun ki gen pwoblèm ak alkòl oswa dwòg, ki gen ladann tretman sante konpòtmantal
6. Medikaman ak preskripsiyon (remèd)

- Sèvis ak aparèy pou reyabilitasyon (ede w retwouye ladrès ou pèdi akòz yon chòk oubyen yon maladi, tankou aprann mache aprè yon aksidan serebwo-vaskilè)
- Sèvis laboratwa (tès yo fè pou chòk oswa maladi w lan)
- Sèvis prevansyon ak byennèt ak jesyon maladi kwonik (egzamen fizik, vaksinasyon, tès)
- Sèvis pedyatrik (sèvis sante timoun), ki gen ladann swen bouch (dan ak gòj) ak pou vizyon (zye). (Al gade nan Sèvis Prevansyon)

Avantaj yo

Sèvis swen sante oswa atik ki garanti anba yon plan asirans sante. Avantaj ki garanti yo ak sèvis ki ekskli yo liste nan dokiman pwoteksyon plan asirans sante a.

Nan Medicaid ak nan Pwogram Asirans Sante Timoun (Children's Health Insurance Program, CHIP) la, se règ pwogram Eta a ki defini avantaj ki garanti yo ak sèvis ki eskli yo.

B

Bazdone Elektwonik(yo)

Enfòmasyon òganize ki estoke epi yo jwenn aksè nan yo sou yon konpitè. Pa egzamp, enfòmasyon konsènan revni w estoke sou yon konpitè nan biwo Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) apatide deklarasyn taks ou an.

Moun ki apwouve kapab jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo pou tcheke revni w pou aplikasyon asirans sante w lan.

Bon mache

Pa chè

D

Dediksyon yo

Sèten depans ou otorize retire nan revni w pou bese taks ou yo.

Dediktib

Moun ki gen asirans sante gendwa peye pou yon pòsyon nan sèvis swen sante yo. Dediktib la se montan ou gendwa gen pou peye pou sèvis swen sante anvan pou plan asirans sante a kòmanse peye.

Pa egzamp, si dediktib ou se \$500, plan ou p ap peye anyen jiskaske ou fin peye \$500 pou sèvis swen sante plan sante w lan garanti. Aprè sa, plan asirans sante w pral peye pou sèvis yo.

Sèten plan gen dediktib ki pi ba ansanm ak lòt depans ou dwe peye oumenm. (Al gade nan Depans Ou Dwe Peye Oumenm, Ko-peman, Ko-asirans).

Depans

Pri

Depans Ou Dwe Peye Oumenm (Out-of-Pocket Costs, OOP)

Moun ki gen asirans sante gendwa dwe peye pou yon pati nan sèvis swen sante yo. Yo konn rele sa tou pataj depans. Ou dwe peye "ak pwòp ;ajan pa w" pou depans swen sante yo plan asirans la pa peye. Depans ou dwe peye oumenm gen ladann:

- Dediktib yo
- Ko-asirans
- Ko-peman pou sèvis ki garanti yo
- Tout lòt depans yo pou kèlkeswa sèvis plan asirans sante w pa garanti

(Al gade nan Ko-asirans, Ko-peman, Pataj Depans, Dediktib yo)

Depandan

Yon moun ki depann yon lòt moun – anjeneral yon fanmi – pou sipò finansye. Yon dependan se yon moun ou mete sou fòm taks ou, menmsi moun sa a pa rete nan menm kay avèk ou.

Daprè Lwa sou Swen Sante Bon Mache (Affordable Care Act), ou gendwa jwenn yon kredi taks pou prim pou ede garanti pri asirans la pou oumenm ak pou depandan ou yo non ou make sou fòm taks ou an. (Al gade nan Kredi Taks pou Prim).

Detèminasyon

Yon desizyon founisè asirans ou fè konsènan pwoteksyon asirans saante ou an. Pa egzamp, founisè swne sante w gendwa deside pa peye pou yon sèvis ou resevwa.

Dikriminasyon

Trete yon moun oswa yon gwoup moun yon fasin ki enjis oswa ki diferan pa rapò ak lòt moun oswa gwoup moun (pa egzamp, diskriminasyon akòz ras oubyen sèks).

Disparite nan Lasante

Diferan nivo sante ak aksè nan sèvis sante pou yon gwoup moun konpare ak yon lòt. Pa egzamp, sèten gwoup moun plis afekte ak VIH pase lòt moun.

Doktè Swen Primè

Doktè prensipal ou an. Yon doktè jeneralis ou al nan klinik li pou jwenn tretman pou maladi komen ak pou swen woutin, tankou tchèkòp ak vaksen. Doktè sa a ede w tou deside si ou bewen ale lopital oubyen kwenn tretman espesyalize.

Doktè swen primè yo gen ladann:

- Doktè fanmi a (yon doktè ki swen moun tout laj)
- Pedyat yo (yon doktè ki swen timoun)
- Entènis (yon doktè ki swen adilt yo)
- Nan sèten Eta, enfimyè praktisyèn yo ak asistan doktè yo

Doleyans

Yon plent yo prezante konpayi asirans sante a swa plan an. Pa egzanp, ou gendwa depoze yon plent, si:

- Plan sante w refize peye pou tretman ou panse ou ta dwe gen pwoteksyon pou li
- Si doktè, enfimyè, estaf klinik la oubyen yon lòt moun fè maledve avèk ou oswa manke w respè
- Nenpòt lòt pwoblèm ou gen ak swen sante w

E

Egzanpsyon pwoteksyon esansyèl min-imòm

Yon klasifikasyon ki pèmèt ou pa bezwen fè yon peman poutèt ou pa gen pwoteksyon esansyèl min-imòm la. Ou gendwa kalifye pou yon egzanpsyon, si:

- Ou manke aksè nan pwoteksyon bon mache
- Oou te gen yon peryòd kanpe kout nan pwoteksyon an
- Ou te gen xperienced certain hardships
- Ou gen revni ki pi ba pase nivo pou fè demann la
- Ou pa t prezan legalman Ozetazini

Enfòmasyon Demografik

Enfòmasyon konsènan sèten karakteristik yon gwoup moun, tankou oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ras, etnisite, nivo revni ak edikasyon.

Enskripsyon/Enskri

Enskri, abone w.

Enskripsyon Pasif

Yon pwosesis kote moun yo enskri nan yon plan sante otomatikman. Nan anpil men se pa nan tout ka, moun yo ka chwazi sispann kouvèti plan sante a apre yo fin enskri.

Evènman Grav nan Lavi

Chanjman nan kantite moun ki abite lakay ou oswa nan revni ki gendwa afekte kalifikasyon w pou asirans sante. Pami chanjman nan lavi a gen:

- Revni
- Kote ou abite
- Klasifikasyon andikap
- Maryaj
- Divòs
- Gwosès
- Ou fenk fè yon pitit, ou adopte yon timoun oswa ou mete yon pitit ann adopsyon
- Pran oswa pèdi yon depandan ki anba responsabilite w
- Nenpòt lòt evènman ki chanje revni oswa kantite moun ki abite nan menm kay avèk ou

Yon chanjman nan lavi w ki fè ke ou kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal pou w enskri nan yon kontra asirans sante. Egzanp evènman grav ki pase nan lavi w ki kalifye se deplase pou ale abite nan yon lòt Eta, sèten chanjman nan revni w ak chanjman nan gwosè fanmi w (pa egzanp, si w vin marye, divòs oubyen ou fenk gen yon tibebe). (Al gade nan Peryòd Enskripsyon Espesyal)

F

Fòmilè (Lis medikaman)

Yon lis medikaman asirans sante w oswa plan ou garanti. Yon fòmilè gendwa endike konbyen lajan ou peye pou chak medikaman.

Founisè ki pa prefere

Yon founisè ki pa gen kontra ak konpayi asirans ou oswa plan w pou ba w sèvis. Anjeneral, ou pral peye plis lajan pou al kay yon founisè ki pa prefere (oswa ki Andeyò Rezo) pase yon founisè ki prefere (oswa ki Andedan Rezo) a. (Al gade nan Andedan Rezo, Andeyò Rezo)

G

Gen yon Anplwa

Yon moun ki gen yon travay epi ki touche pou li.

H

Healthcare.gov

Al gade nan Marketplace

J

Jesyon Itilizasyon

Yon kontra konpayi asirans yo itilize pou evalye nesesite medikal, karaktè apwopriye ak efikasite klinik yon sèvis swen sante, yon medikaman, oswa yon pwosedи pou jere pri yon avantaj swen sante ki garanti. Yon metòd yo itilize souvan pou jestyon itilizasyon se otorizasyon davans epi terapi ak etap. (Gade Medikalman Nesesè, otorizasyon Davans, Terapi ak Etap)

K

Kalifye

Satisfè kondisyon pou kapab jwenn asirans.

Si ou satisfè kondisyon yo pou jwenn yon sèten tip asirans.

Kategori Imigrasyon ki Kalifye

Sèten imigran elijib pou (yo gen otorizasyon pou jwenn) Medicaid oswa pou achte asirans sante atravè Marketplace la. Règ yo konsènan kimoun ki kalifye pa menm pou Medicaid ak pou Marketplace. Yon fanmi gendwa gen sèten moun ki kalifye epi lòt ki pa kalifye akòz sitiyasyon imigrasyon yo.

Ko-asirans

Moun ki gen asirans sante gendwa oblige peye pou yon pòyon nan sèvis swen sante yo. Ko-asirans se yon pouvantaj fiks nan yon sèvis swen sante ou gen responsabilite pou peye aprè ou fin rive nan montan dediktib ou an. (Al gade nan Dediktib).

Pa egzanp, si plan ou gen yon egzijans ko-asirans 20% ak yon depans pou sèvis sante ki \$100, asirans sante w ta peye \$80 epi ou ta peye rès \$20 lan si ou te rive nan limit dediktib ou an.

Ko-asirans diferan de ko-peman. Ko-peman yo anjeneral se yon montan inik ou peye nan moman ou resevwa sèvis la, epi ko-asirans lan peye après konpayi asirans lan peye pou santaj yo dwe peye nan montan an. (Al gade nan Ko-peman)

Konseye Aplikasyon Akredite (Certified Application Counselor, CAC)

Yon manm estaf la ki fòme w pou ede w:

- Chèche opsyon asirans sante
- Konpare opsyon asirans sante
- Ranpli fòm aplikasyon

CAC yo kapab founi enfòmasyon men yo pa kapab di konsomatè yo ki plan sante pou yo chwazi. Sèvis yo gratis. (Al gade nan Marketplace)

Kontestasyon

Si ou panse Marketplace, Medicare, Medicaid oswa yon plan sante te refize ba w swen oubyen pwoteksyon nan yon fason ki pa jis, ou gen dwa pou mande yo revwa desizyon an pou yo kapab chanje l, si sa posib.

Ko-peman/Co-pay

Moun ki gen asirans sante gendwa dwe peye pou yon pòsyon nan sèvis swen sante yo. Yon fason se avèk yon ko-peman, ki se yon montan fiks ou peye pou sèten sèvis swen sante. Anjeneral, ou peye yon ko-peman nan moman ou resevwa sèvis la. Montan an gendwa chanje pou divès tip swen. Pa egzanp, ou gendwa peye \$15 lè ou ale kay doktè pou yon vizit epi \$30 lè ou ale nan sal ijans.

Ko-peman se pa menm bagay ak ko-asirans.

Yo peye ko-asirans lan aprè konpayi asirans lan fin peye pou santaj pa li nan depans la. Ko-peman se anjeneral yon sèl peman ki peye nan moman yo resevwa sèvis la. (Al gade nan Ko-asirans)

Kredi Taks

Al gade nan Kredi Taks

Kredi Taks pou Prim (Premium Tax Credit, PTC)

Li ede moun ki pa gen anpil revni kapab jwenn asirans sante. Kredi taks la ede bese pri prim yo peye pou pwoteksyon swen sante ki achte nan Asirans Sante Marketplace pou yon moun apa oswa yon fanmi. Peman antisipe kredi taks la kapab itilize pou bese montan depans prim mansyèl ou an. (Al gade nan Kredi Taks pou Prim, Prim)

Kredi Taks sou Prim Kontribisyon Antisipe (Advance Premium Tax Credit, APTC)

Kredi taks sou prim ede bese montan prim asirans sante yo pou moun ki pa gen anpil revni. Peman antisipe kredi taks la kapab sèvi touswit pou bese montan prim ki peye pou pwoteksyon asirans sante yo achte nan Health Insurance Marketplace pou yon moun oswa yon fanmi. (Al gade nan Prim, Kredi Taks pou Prim)

L

Limit Depans ou Dwe Peye Oumenm

Pi gwo lajan ou pral dwe peye oumenm pandan yon peryòd kontra asirans sante (anjeneral yon lane). Aprè ou fin atenn limit sa a, plan asirans sante w pral peye 100% depans ki otorize pou sèvis plan sante w garanti.

Pa egzanp, si limit lajan ou dwe peye oumenm pou plan w se \$3,000, kou w fin peye \$3,000 nan pwòp lajan pa w kòm dediktib, ko-peman ak ko-asirans (tout ajoute ansanm), ou p ap bezwen peye okenn depans asirans sante ankò pou ane a.

Sepandan, prim ou, depans pou sèvis sante plan ou pa garanti ansanm ak sèten depans pa konte nan kalkil limit kòb ou dwe peye oumenm lan. Diferan plan asirans sante konte diferan bagay pou kalkil limit lajan ou dwe peye oumenm lan, kidonk asire w ou konprann byen règ plan ou an. (Al gade nan Prim, Dediktib, Ko-asirans, Andeyò Rezo)

Lwa sou Swen Bon Mache (Affordable Care Act, ACA)

Lwa sou réform swen sante ki te pase an 2010 ki mete asirans swen sante adispozisyon ak pou pi bon pri bay anpil moun ki pa t gen asirans sante anvan sa. Lwa sou Swen ki bon Mache (Affordable Care Act) rele tou 'Obamacare'.

M

Madivin, Masisi, Biseksyèl ak Transjan (LGBT)

LGBT siyifi madivin, masisi, biseksyèl ak transjan. (Al gade nan Transjan)

Manda endividiyèl

Si ou kapab peye pou yon asirans sante men ou chwazi pou pa achte li nan sèten Eta (tankou Massachusetts ak New Jersey), ou gendwa gen pou peye yon chaj. (Yo konn rele chaj la pafwa "penalite", "amann" oswa "peman responsabilite endividiyèl"). Ou gendwa pa bezwen satisfè kondisyon sa a si:

- Pa gen okenn pwoteksyon bon mache ki disponib pou w
- Ou gen yon kanpe kout nan pwoteksyon ou an pandan ane a pandan mwens ke twa (3) mwa youn dèyè lòt
- Ou kalifye pou yon egzanpsyón pwoteksyon esansyèl minimòm.

(Al gade nan Pwoteksyon esansyèl minimòm)

Marketplace

Marketplace la se kote moun apa, fanmi ak tibiznis kapab:

- Aprann opsyon asirans sante ki genyen yo
- Konpare plan asirans sante yo
- Chwazi yon plan
- Enskri nan yon plan asirans

Ou kapab jwenn aksè nan Marketplace la nan wèbsayt, sant dapèl ak asistans fas-a-fas. Marketplace la gen enfòmasyon osijè fason moun ki gen revni mwayen oswa revni fèb kapab ekonomize lajan nan asirans sante. Marketplace la ofri enfòmasyon konsènan lòt pwogram, ki gen ladann Pwogram Asirans Sante Timoun (Children's Health Insurance Program, CHIP) lan.

Yo konn rele Marketplace la pafwa Santral (Exchange) la.

Healthcare.gov se wèbsayt pou Marketplace nasyonal la. Eta w lan gendwa gen pwòp wèbsayt Marketplace li an ki gen yon lòt non.

Medicaid

Pwogram asirans sante Eta a ap jere pou:

- Fanmi ak timoun ki pa gen anpil revni
- Fanm ansent
- Granmoun aje
- Moun ki gen andikap
- Nan sèten Eta, lòt adilt ki pa gen anpil revni.

Leta federal bay yon pòsyon nan finansman an pou Medicaid epi li fikse règ yo pou pwogram la. Eta yo kapab chwazi kijan yo konsevwa pwogram Medicaid yo, kidonk Medicaid ka diferan nan chak Eta. Chak Eta bay pwogram lan non li vle a.

Medikalman Nesesè

Sèvis swen sante oswa founiti ki nesesè pou dyagnostike oswa trete yon maladi, yon blesi, yon kondisyon, yon maladi oswa sentòm li yo ki respekté nòm ak estanda lamedsin aksepte.

Moun k ap Viv ak VIH (PLWH)

Moun ki enfekte ak VIH (viris imino-defisyans imen).

Moun Lakay ou (Fwaye)

Moun ki abite nan menm kay avèk ou, ki gen ladann men se pa sa sèlman:

- Mari/Madanm
- Pitit
- Moun ou plase avèk li (sèlman so li bezwen asirans sante)
- Nenpòt moun ki yon depandan sou deklarasyon taks ou an
- Nenpòt moun ki gen mwens ke 21 lane ki abote avèk ou epi ou okipe li

N

Navigatè

Yon moun oswa yon òganizasyon ki fòme pou ede moun, tibznis ansanm ak anplwaye yo chèche pou opsyon pwoteksyon sante grasa Marketplace la. Navigatè yo kapab ede ranpli fòm kalifikasyon ak enskripsyon yo. Yo oblige trete tout moun egalego epi èd yo gratis.

O

Òganizasyon Swen Administre (Managed Care Organization, MCO)

Gwoop doktè, klinik, lopital, famasi ansanm ak lòt founisè medikal ki travay ansanm pou okipe bezwen pasyan yo pou swen sante. Pafwa, yon konn rele yon òganizasyon swen administre, yon 'rezo' oswa yon 'plan sante'.

P

Pa anplwaye

Yon moun ki pa gen yon travay ki peye I lajan.

Pataj Depans

Kantite lajan w ap dwe peye oumenm pou sèvis yon plan sante oswa yon asirans sante garanti. Pami egzanp montan sa yo, gen ko-peman, dediktib ak ko-asirans. (Al gade nan Ko-asirans, Ko-peman, Dediktib, Depans Ou dwe peye oumenm)

Peryòd Enskripsiyon Espesyal (SEP)

Peryòd tan andeyò Peryòd Enskripsiyon Lib la lè yon moun kapab enskri pou yon pwoteksyon asirans sante li jwenn nan travay la (asirans sante anplwayè a peye nèt oubyen yon pati ladann) oubyen nan kontra asirans sante Marketplace la.

Peryòd Enskripsiyon Lib

Peryòd tan lè moun ki kalifye pou enskri nan yon Plan Sante Kalifye kapab enskri pou yon plan nan Marketplace. Pa egzanp, pou pwoteksyon ki kòmanse an 2015, Peryòd Enskripsiyon Lib la se te nan dat 15 novanm 2014 pou 15 fevriye 2015. (Al gade nan Plan Sante Kalifye)

Peryòd tan lè moun ki kalifye pou enskri nan yon Plan Sante Kalifye kapab enskri pou yon plan nan Marketplace. Pa egzanp, pou pwoteksyon ki kòmanse an 2015, Peryòd Enskripsiyon Lib la se te nan dat 15 novanm 2014 pou 15 fevriye 2015. (Al gade nan Plan Sante Kalifye)

Moun gendwa kalifye tou pou Peryòd Enskripsiyon Espesyal ki andeyò Enskripsiyon Lib la, si gen sèten evènman ki rive nan lavi yo. (Al gade nan Peryòd Enskripsiyon Espesyal ak Evènman Grav nan Lavi). Epitou ou gendwa aplike pou Medicaid oswa pou CHIP nenpòt kilè nan ane a.

Plan

Al gade nan Plan Sante Kalifye

Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plan, QHP)

Yon plan asirans sante Marketplace la apwouye. QHP:

- Yo ofri avantaj sante esansyèl yo
- Yo respekte limit yo sou konbyen nan pwòp lajan pa yo moun peye pou sèvis plan sante a garanti, tankou limit sou dediktib, ko-peman yo ak pou limit lajan ou dwe peye oumenm
- Yo satisfè lòt egzijans toujou, tankou egzijans pou se yon konpayi asirans ki akredite

Yon plan sante kalifye dwe jwenn apwobasyon chak Marketplace kote y ap vann li. (Al gade nan Avantaj Sante Esansyèl, Dediktib, Ko-peman, Limit Lajan Ou Dwe Peye Oumenm, Marketplace)

Prezonpsyon Kalifikasyon

Pwoteksyon sante akoutèm ki kòmanse touswit pou ou kapab jwenn swen medikal pandan y ap travay sou aplikasyon pou asirans ou.

Prim

Kantite lajan ou peye pou yon plan asirans sante. Ou gendwa peye yon prim chak mwa, chak 3 mwa oswa chak ane. Anplwayè w, ADAP oswa yon lòt moun gendwa peye yon pati oswa tout prim ou an.

Pwogram Asirans Sante Timoun (Children's Health Insurance Program, CHIP)

Pwogram la ki ofri asira Ko-asirans ns sante gratis oswa bon mache pou timoun ki gen jiska 19 lane. Li pwoteje sitwayen ameriken ak imigran ki kalifye yo.

Pwogram Asistans Kliyan (Consumer Assistance Program, CAP)

Pwogram yo nan sèten Eta ki ede ak pwoblèm oubyen kesyon konsènan asirans. Yo kapab ede w konprann dwa ou genyen yo epi pote plent koswa fè yon kontestasyon devan plan sante w lan. (Al gade nan Kontestasyon)

Pwogram Asistans Medikaman SIDA (AIDS Drug Assistance Program, ADAP)

Pwogram la ki ofri medikaman VIH gratis pou moun ki pa gen anpil mwayen. Nan anpil Eta, pwogram al ede peye tou pou asirans pou moun ki enfekte ak VIH.

Pwogram VIH/SIDA Ryan White (RWHAP)

Pwogram leta ki ede moun ki pa gen anpilr evni ki gen VIH jwenn laswenyaj ki gen pou wè ak VIH. Pwogram la garanti tout swen VIH lòt opsyon yo pa garanti.

Pwoteksyon esansyèl minimòm

Pwoteksyon sante ki bon mache epi ki ofri yon seri minimòm de sèvis. Anjeneral, li gen ladann plan asirans sante ki disponib nan Marketplace Asirans Sante, Medicare, Medicaid, CHIP ak nan sèten lòt pwoteksyon.

Pwoteksyon Total

Yon plan asirans sante ki garanti tout seri swen ou gendwa bezwen an. Sa ka gen ladann sèvis preventif (tankou vaksinasyon kont lagrip flou), egzamen fizik, medikaman preskripsyon ak swen doktè oubyen lopital.

R

Rediksyon pataj depans (Cost-sharing reduction, CSR)

Yon rabè nan men gouvènman federal ki bese montan moun apa ak fanmi dwe peye ak lajan pa yo pou dediktib, ko-asirans ak ko-peman. CSR yo PA ITILIZE pou peye prim. Si ou kalifye, yo pral aplike yon rabè otomatikman sou plan ou. (Al gade nan Ko-asirans, Ko-peman, Dediktib)

Renouvelman

Enskri pou kontinye ak menm plan sante w chak ane.

Renouvelman Kalifikasyon

Re-aplike pou asirans.

Revni

Konbyen lajan ou touche oswa ou resevwa nan yon lane.

Revni Ajiste Brit

Kantite lajan ou touche oswa ou resevwa anvan dediksyon taks yo, mwens sèten dediksyon taks ki otorize, tankou sèten depans komèsyal ak medial.

Revni Brit

Revni total la ki gen tout kach ou touche pandan yon peryòd, anjeneral yon alen, avan yo retire taks yo.

Revni Brit Ajiste Modifye (Modified Adjusted Gross Income, MAGI)

Kantite lajan ou touche oswa ou resevwa ki itilize pou deside si ou kalifiye pou yon plan sante ki mwens chè. Anjeneral, MAGI se revni brit ajiste w plis nenpòt revni Sosyal Sekiriti, enterè oswa etranje ou genyen. (Al gade nan Revni Brit)

Revni Nè (Aprè Taks)

Kantite lajan ou touche oswa ou resevwa nan yon lane, mwens sa ou te peye nan taks.

Revni sou Fòm Enterè

Lajan ou touche nan envestisman, tankou lajan ou ekonomize nan yon kont labank oswa aksyon. Ou ta dwe enkli enterè yo kòm yon pati nan revni w, si w ap aplike pou asirans sante.

Rezo

Al gade Andedan Rezo, Andeyò Rezo

S

Sansibilizasyon

Jwenn fason pou bay enfòmasyon epi fè moun jwenn sèvis.

Sant Apèl

Yon nimewo telefòn pou rele pou mande èd pou aplike, enskri ak pou itilize pwoteksyon sante. Gen asistans souvan nan lòt lang tou.

Santral

Al gade nan Marketplace

Sèvis Prevansyon

Swen sante woutin ki gen ladann tchèkòp, tès ak sesyon konsèy pou anpeche maladi, chòk ak lòt pwoblèm sante.

Swen Entegre

Yon modèl swen sante ki baze sou anpil kolaborasyon ak komunikasyon pami pwofesyonèl sante yo sou pasyan yo pou yo kapab devlope yon plan swen konplè kap entegre plizyè domèn swen sante, tankou swen primè, swen konpòtman, ak swen sosyal. Swen entegre yo kapab tou reprezante kowòdinasyon finansman swen sante yo, benefis yo, bay swen ak/oswa egzijans administratif pou konpayi asirans pou moun ki gen plis ke yon kalite pwoteksyon sante. (Gade Admisib nan De (2) Pwogram)

T

Transjan

Yon moun idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl epi/ oswa konpòtman seksyèl li pa koresponn ak sèks li te genyen nan moman nesans li.

Travayè Endepandan

Yon moun ki travay pou kont li epi ki pa gen patwon. Pa egzanp, ou se pwopriyetè pwòp binzis ou an oubyen ou travay kòm travayè otom.

Twoub Konsomasyon Dwòg ak Alkòl

(Substance Use Disorder, SUD)

Move konsomasyon, abi oswa disyon alkòl oubyen dwòg.

*Se JSI Research & Training Institute, Inc. ki pare gid sa a,
daprè Sibvansyon #UF2HA26520 nan men Biwo VIH/SIDA
Administrasyon Resous ak Sèvis Sante an. Kontni li yo anba
responsabilite eksliziv otè li yo epi yo pa reprezzante fòseman
opinyon ofisyèl Biwo VIH/SIDA a.*